

Hazel West Orange, New Jersey

Tit I/ Pwogram d'Entèvansyon sou kompetans de Baz

Lèt d'Entèvansyon sou nivo Konesans

Dat: _____

Chè Paran/Gadyen de _____

Lekòl Piblik nan Distri West Orange la devwe pou l amelyore reyalizasyon (siksè) tout elèv yo. Tout elèv (K-6) yo ap pran, nan prentan, yon tès d'evalyasyon de leta ou distri a pou yo kapab mezire kwasans siksè akademik yo. An plis, nap baze sou sistèm tès d'evalyasyon de Fountas e Pinnell la (otòn, ivè, prentan) pou n bay elèv yo tès sa. Objèktif tès d'evalyasyon sa yo se pou mezire pwogrè elèv la ap fè pandan tan sa a. Pou le moman, pitit ou a pa satisfè nivo limit klas la mande a pou (premye, dezyèm, twazyèm) tès d'evalyasyon yo. Pou ede pitit ou fè pwogrè, nou pwal kòmanse travay ak li nan zafè lèkti nan yon ti gwoup ke nap fome pou sa.

Sipò adisyonèl sa a li kòm yon fòm d'entèvansyon. Entèvansyon sa yo ap pou tout elèv ki pa satisfè nivo reyalizasyon (siksè) nap tann yo nan zafè lekti. Nap baze sou bezwen pitit ou a, sistèm entèvansyon li pral resevwa a rele Pwogram Entèvansyon sou Nivo Konesans (Alfabetizasyon). Sipò sa a ap bay san konte chak jou klas enstriksyon kap fèt yo nan yon ti gwoup de 3-4 pandan 5 jou pa semèn. Entèvansyon pwofesè a kap travay ak pitit ou ap gen pou l swiv pwogrè pitit ou a pandan tan sa pou ke li ka kontwole siksè akademik pitit ou pou 14-18 semèn.

Si pitit ou ap fè pwogrè adekwat, li pap bezwen resevwa entèvansyon sa a ankò. Sepandan, si pitit ou pap fè bon pwogrè, espesyalis nan zafè lèkti a ap evalye pitit ou sou kèk bezwen byen presi, e lap etabli you pwogram d'entèvansyon san fen pou sipòte bezwen sa yo.

Souple ekri sou entènèt _____, pwofesè pitit ou a, si ou gen nenpòt kesyon sou pwosesis sa a, e pou adrese kesyon, oubyen preyokipasyon ou ka genyen. Nou bezwen ou tankou yon kòlèg nan sipèvizyon akademik pitit ou pou yon bon siksè nan lekòl li.

Ak tout respè,

Direktè